

Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU PWOLONJE PERYÒD ATANT POU VERIFIKASYON ANTESEDAN YO EPI ENTÈDI BUMP STOCK YO

Etabli yon Peryòd Atant jiska 30 Jou pou Moun Ke Yo Pa Te Imedyatman bay Apwobasyon pou yo Achte yon Zam

Entèdi posesyon, Manifakti, Transpò, ak Lavant Bump Stock yo ak Aparèy Similè yo Ki Ap Akselere Vitès Zam yo Tire

Mezi sa yo Ap Ajoute sou Lwa sou Zam ke New York genyen Ki Pi Djanm nan Nasyon an, ki gen pami yo Pwojè Lwa Siyal Alam la Ke Yo Te Siyen an Fevriye

Gouvènè Cuomo: "Lè nou siyen mezi sa yo pou vin lwa nou ap ranfòse lwa sou zam yo ki ap mennen nan nasyon nou an - entèdi aparèy ke sèl objektif yo se fè plis san koule nan yon ti tan kout, epi bay fòs lapolis yo zouti ke yo bezwen pou anpeche zam yo tonbe nan men moun ki danjere yo".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa pou etabli yon peryòd atant jiska 30 jou pou moun ke yo pa te imedyatman bay apwobasyon pou yo achte yon zam atravè Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstantane Nasyonal (National Instant Criminal Background Check System, NICS) (S.2374/A.2690) epi fèmen echapatwa aktyèl yo pou entèdi pwopriyetya oswa lavant yon bump stock (S.2448/A.2684). Pwojè lwa sa a ap ajoute sou lwa sou zam ke New York genyen ki pi djanm nan nasyon an, ki gen pami yo [Pwojè Lwa Siyal Alam lan \(Red Flag Bill\)](#) ke yo te siyen an Fevriye epi ki ap anpeche moun ki montre siy ke yo se yon menas pou tèt yo ak pou lòt moun yo achte oswa posede zam.

"Pandan twò lontan vyolans ak zam yo te afekte kominote yo atravè nasyon nou an epi pandan ke gouvènman federal la ap fèmen je yo, New York ap kontinye pran devan nan pwoteje fanmi nou yo ak timoun nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Lè nou siyen mezi sa yo pou vin lwa nou ap ranfòse lwa sou zam yo ki ap mennen nan nasyon nou an - entèdi aparèy ke sèl objektif yo se fè plis san koule nan yon ti tan kout, epi bay fòs lapolis yo zouti ke yo bezwen pou anpeche zam yo tonbe nan men moun ki danjere yo."

"Pandan ke vyolans ak zam yo ap kontinye afekte kominote yo atravè eta a ak nasyon an, nou ap fè vanse efò nou ap fè yo pou ranfòse lwa nou yo epi pwoteje moun New York yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Pwojè lwa sa a ki ap pwolonje peryòd atant pou verifikasyon antesedan yo ak entèdiksyon bump stock yo pral asire ke zam yo pa tonbe nan move men yo epi entèdi aparèy ke yo te itilize pou fè ravaj yo. Nou pran angajman konstwi politik ki ap mennen nan nasyon nou an pou mete fen nan vyolans ak zam san sans yo epi sove lavi."

Pwolonje Peryòd Atant pou Verifikasyon Antesedan yo

Lwa federal ki an vigè a egzije machann zam yo pou yo fè yon verifikasyon antesedan nan Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstantane Nasyonal la sou yon achtè potansyèl yo avan yo vann li yon zam, sa ki imedyatman ap bay machann nan youn nan twa notifikasyon posib. Notifikasyon sa yo gen pami yo "vanse", "refize", oswa "retade". Nan ka ke yo te bay yon repons "retade", machann lan dwe rete tann twa jou anvan ke yo konplete lavant lan. FBI ka kontinye mennen ankèt sou moun yo apre peryòd twa jou an men souvan tan pou fòs lapolis yo detèmine si achtè potansyèl lan li pa kalifye, yo te deja fin vann li zam lan. Nan pwolonje peryòd atant lan jiska 30 jou, fòs lapolis yo ap gen tan ase pou yo konplete yon verifikasyon antesedan epi ede asire ke sèlman sila ki kalifye pou achte epi posede yon zam yo kapab fè sa.

Vis-Lidè Sena a Michael Gianaris te deklare, "Refòm sekirite pou zam ki gen bon sans yo pral sove lavi moun, pwen final. Verifikasyon antesedan ki pi ranfòse yo pral anpeche zam tonbe nan men moun ki danjere yo. Mwen fyè dèske mwen te ekri kèk nan lwa sou sekirite pou zam ki pi di an Amerik yo epi pou mwen fè pati yon nouvo Sena New York, ki priyoreze sekirite fanmi ak lekòl nou yo. Mwen kontan dèske Gouvènè a te adopte mezi enpòtan sa a".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Lwa sa a pral ajoute sou lwa sou zam ki deja djanm ke nou genyen yo nan asire ke fòs lapolis yo gen tan ase pou konplete yon verifikasyon antesedan san ke yo pa vyole dwa sitwayen ki aplike lalwa yo. Selon FBI, yo jis bezwen plis tan pou akonpli travay pou retire zam nan move men yo".

Entèdi Bump Stock yo

An 2017, bump stock ak lòt aparèy ki akselere vitès zam yo tire yo te vin jwenn atansyon nasyonal apre yon fiziyad masif nan Las Vegas, Nevada ki te touye 58 moun. Yo tache aparèy sa yo nan zam semi-otomatik yo epi yo pèmèt moun ki ap tire yo tire bal pi rapid pase nenpòt moun ta kapab fè. Mitrayèt yo, ak zam ki simile zam mitrayèt yo, deja ilegal selon lwa New York lan, akoz gwo danje pou sekirite piblik yo ke zam sa yo poze. Bump stock ak aparèy similè yo poze yon menas similè pou sekirite piblik, epi pwojè lwa sa a pral entèdi posesyon, manifakti, transpò, ekspedisyon ak lavant nenpòt atik ki ap akselere vitès zam yo, mitrayèt ak douz yo tire.

Senatè Luis Sepúlveda te deklare, "Li absoliman pa gen okenn nesesite pou zam militè yo ap sikile nan lari oswa lakay moun ki nan Eta New York. Bump stock ak lòt aparèy ki ap pèmèt zam yo tire pi rapid pase nenpòt moun ta kapab yo evidamman se yon gwo danje pou popilasyon an, epi yo te deja lakòz twòp trajedi atravè peyi nou an. Pandan ke nou ap siyen dokiman lwa sa a pou vin lwa jodi a, panse nou al jwenn fanmi viktim fiziyab 2017 nan Las Vegas la ak tout lòt moun ki te pèdi lavi yo akoz teknoloji mòtèl sa a. Jodi a nou angaje nan mete pi gwo sekirite, prevansyon, ak responsabilite pou moun Eta New York yo, pou ki nou dwe kontinye travay di pou favorize lavi ki san devastasyon vyolans ak zam".

Manm Asanble Patricia Fahy te di, "Fòs lapolis yo ak defansè kont vyolans ak zam yo te byen klè - pa gen okenn rezon lejitim pou okenn moun posede yon aparèy ki ka transfòme yon zam semi-otomatik legal an yon zam mitrayèt ki totalman fonksyonèl, epi

sepandan Depatman jistis Federal la (Federal Department of Justice) estime ke yo te vann plis pase 520,000 bump stock depi 2010. Pwojè lwa mwen an ap fèmen echapatwa yo epi asire ke yo entèdi bump stock yo nan New York pou ede evite trajedi òrib yo tankou trajedi ki te pase nan Las Vegas la an 2017. Mwen remèsye Oratè Heastie ak Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip pèmanan yo epi poutèt yon lòt fwa ankò yo ap mennen nan nasyon an nan kontwòl sou zam yo nan New York".

Flewo vyolans ak zam k ap ravaje nasyon an se youn nan pwoblèm ki pi ijan nan tan nou an. Aktyèlman la, Etazini gen to omisid pa bal ki pi elve pami nasyon ki pi devlope nan mond lan yo. Nan enfòmasyon nasyon pandan ane resan yo, lanmò pa zam yo te monte rive pi wo nivo depi senkant an.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te adopte lwa sou kontwòl zam ki pi solid nan nasyon an, ki gen ladan Lwa sou Sekirite nan Zafè Minisyon ak Zam yo (Secure Ammunition and Firearms Enforcement Act, SAFE Act) an 2013, ki ap anpeche zam tonbe nan men moun ke yo te kondane pou enfraksyon yo ak moun ki gen maladi mantal yo, sa ki ap asire ke lavant zam prive yo sijè a yon verifikasyon antesedan, entèdi magazin zam ki gen anpil kapasite yo ak fizi daso yo, epi ranfòse sanksyon kriminel pou itilizasyon zam ilegal yo. Gouvènè an te adopte resamman Pwojè Lwa Siyal Alam lan pou anpeche moun ki poze yon danje pou tèt yo ak pou lòt moun yo achte yon zam. New York te vin premye eta nan nasyon an ki bay pwofesè ak administratè lekòl li yo mwayen pou ede evite fiziyad nan lekòl yo atravè entèvansyon tribinal yo. Lwa sa a vize tou lyen ke yo byen konnen ki genyen ant abi domestik ak vyolans ak zam ki mòtèl yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)